

*РУХIИЯБ РАХЪ*

**ЦIумилухъ цIияб мажгит рагьана**

стр. 2

*СПОРТ*

**Кутласа Дагъиста-налъул чемпион!**



Стр. 4


# ЛЪАРАТIА

ЛъаратIа районалъул газета

№ 6 * апрель 2014 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


РЕДАКТОРАСУЛ КАЛАМ

## РЕДАКЦИЯЛДЕ КАГЪТАЛ ВА ГЬЕЗДА ТIАСА ПИКРАБИ

**Цо къоялъ редакциялде вачIана халатав, михъ-алги ругев, чIваркъарал беразул, гъварараб гьаракьалъул цо чи. ВачIинахъего гьес разилъи гьечIолъи загьир гьабулеб бугоан, жинца газе-талде битIараб макъала бахъун гьечIилан. - «Я вам где то дорогу что ли перешел?», - абун байби-хьана.**

Жинцайила хъван букIанила гьеб, захIмат цIан букIанила, нужеца щайила гьеб бахъулареб. Дида бичIчIулеб букIинчIо гьес кинаб макъала-ялъул бицунеб букIараб, киб гьеб букIараб. АхIи-хIур гIемерав гьоболги гIодовиччазавун цIехедал баянлъана, гьес бицунеб макъала щибниги гъорлъ гьечIеб жо букIун нахъе лъун букIин. Гьеб тайпаялъул гIадамал гIемер рукIуна. Макъала хъвай гурони, гьеб цIализе бегьулеб жо бугищ, гьениб щиб пикру бугеб, щиб мальулеб бугеб ва сунде ахIулел ругел гьелъ бичIчIуларел. Гьединал товарищал гьанир редакциялдаги руговн, гьал цо тIаде рачIун чIанда ххенолелгийищ къваригIун рукIарал?

Редакциялде рачIунел кагътазулъ рукIуна ялъуни кучIдул, ялъуни щивалиго веццарал макъалаби. КучIдул, баркиял, баркалаби. Гьеб тайпа гурони, гьаниб масъала бугин, гьаб къваригIун бугин ва гьабизе кколин бицунел жал дагьал рукIуна. Газеталъул аслияб масъала буго халкъалъулги нухмалъиялъулги бухьен гьаби. Районалъул нухмалъиялъ гьабулеб халкъалъухъе щвезаби ва халкъалъе къваригIараб нухмалъу-лезухъе щвезаби. Халкъалдагун тIалъиялда гьоркьоб лъураб кьолъун букIине ккола газета дир хIисабалда. Амма халкъалъ жидее къваригIараб жо бицунеб гьечIо, жидер ихтиярал цIунеян, ялъуни гьел хвезаругеян кIалъалел гьечIо. Рецц-бакъалъул кагътазул ва кучIдузул цIад буго ре-дакциялде. «МухIамадов МухIамад вугев лъикIав вас, гьев школалда лъикI цIалулаан, армиялде ана, спорт бокьула гьесие ва гь. ц». Бокьарав къотIнов ватарав чиясул хIакъалъулъ хъвазе бегьула гьедин, гьесул гIунтутIабиги рахчун, тIокIлъабиги бицун.

Гьаб газеталда бакI кьезе гьечIо чIорогоял тIадагьал рецц-бакъазе, пикру гъорлъ гьечIел, байбихьиги ахирги лъаларел макъалабазе, лъугьинчIел кучIдузе ва гIаданлъиялъул гIорхъолъа рахъарал цоги жалазе. Нахъойги абулеб буго, аслияб жо буго халкъалъул масъалаби рорхи. Щай макъала газеталда бахъичIеб абураб жоги щивав авторасда бичIчIизабизе гьечIо ва гьеб нижеда тIадаб гьечIо. Гьав тIадехун рехсарав чиясда гIадин, газеталде макъала кьечIеб мехалъ авторасда кколеб буго живго квеш вихьун кьечIин, амма гьеб макъала лъугьинчIолъиялъул пикруго гьабулеб гьечIо.

ГьединлъидаI, хIурматиял «ЛъаратIа» газеталъул цIалдолел, бокьун буго нужеца нижехъе чIванкъотIарал масъалаби гъорлъ ругел, кIвар бугел суалал рорхарал макъалаби ритIани. ЦIализе захIматаб мацIалъ хъван ругониги, гьезда нижеца сургу бала, аслияб жо буго гъорлъ бугеб пикру, макъалаялъулъ борхараб масъала. Щивалиго чи веццизе бокьун батани, годекIанирегги ун веццe, гIакIа ахIе, кьун гIарацгун реклама гьабе. Рекламаялъул газетаги аб гурелъул. Районалъул нухмалъиялъ газеталда цере лъурал масъалаби батIиял руго. Васалам!

Расул АБАКАРОВ

ДАНДЕРУССИН

## РАЙСОБРАНИЯЛЪУЛ ИРГАДУЛАБ СЕССИЯ ТIОБИТIАНА

**Апрелалъул 11-абилеб къоялъ ЛъаратIа районалъул администрациялда районалъул бетIер МухIамад ГIалихановас ракIарана киналго депутаталги ва байбихьана лъабго моцIида жаниб цо нухалъ тIобитIулеб иргадулаб сессия.**



Районалъул депутатазул собрания ккола бищунго кIудиял ихтиярал ругеб идара. Гьенир гьарула аслиял хIукмаби, къабул гьабула бюджет ва цоги кIвар бугел суалал роцIцIуна. Иргадулаб сессиялда киналъулго халгьабулаго бичIчIана цIиял суалал гьенир цере лъун гьечIеблъи ва кинаб бугониги кIвар бугеб хIукму букIине гьечIеблъи. Дандеялда рорхарал суалал рукIана киналго цересел къоязда райадминистрациялъул заседаниялда рорхарал. Финансовияб отделалъул нухмалъулев ГIадалов ГIалидибирица такрар гьабуна цебеккун районалъул администрациялда букIараб заседаниялда гьабураб доклад (цIалецебесеб номералда), цIияб жо гьениб букIинчIо, щайгурелъул гьеб къокъаб заманалда жаниб батIияб жо ккезе рес букIинчIо.

КIалъай гьабуна гьединго ЛъаратIа РОВД-ялъул начальник Къурбанов Къурбаница. Нахъойги гьесги такрар гьабуна цебеккун заседаниялда букIараб кIалъай. Араб соналда жаниб кигIан ва чан таксир гьабураб ва кигIан гьелда рекъон судалъул хIукму гьабураб, экстремизм ва терроризм нилъер районалде щун гутIизе кIвар кьезе ккола ва гь. ц.

Р. АБАКАРОВ

ГАРА-ЧIВАРИ

## Сиражудин МухIамадов:
## «ТIАДЕ ВАХЪИНЕ ККАНИ ЦИН ГIОДОВ РЕЧIЧIИЗЕ ККОЛА»

**Дзюдоялъул рахъалъ кIицIул Европаялъул чемпион, Россиялъул тIасабищараб командаялъул кидагосев спорстмен, нилъер районцояв Сиражудин МухIамадов гьал къоязда цеве вахъине ккола Турциялда тIобитIулеб халкъазда гьоркьосеб турниралда. Олипиадаялъул медаль хутIизегIан цоги киналго медалал щун руго жакъа Сиражудиние.**

**ГIемерал хабарал рукIана 2012 соналъ Лондоналда тIоритIарал Олимпиадаялъул хIаязда гьев гIахьаллъичIолъиялда тIасан. Иргадулал къецазде гьев инелде, нижер мухбирас гара-чIвари гьабуна Сиражудинилгун гьесул спортивияб нухалъул хIакъалъулъ. Сиражудин ккола ЧIадаколоб росулъа. Гьесул буго 27 сон. 10 сон баралдаса нахъе гьев хьвадулев вуго Гъизилюрталда бугеб дзюдоялъул школалде. 2005 соналдаса нахъе гьев ругьун гьавулев вуго Санкт-Петербургалда бугеб Явара Нева абураб клубалда.**




**— Сиражудин, щай дуца дзюдо тIасабищараб?**

— Дир кIиявго имгIалзабиги эменги рукIана гьелъие ругьун гьарулел. ИмгIалзаби хадур тренераллъунги рукIана. Инсуца хIукму гьабуна дун гьезухъе витIизе. Доб мехалъ дир букIана микьго сон».

**— Гьеб мехалъ дуца хIисаб гьабулел букIаниш цогидал спортивиял тайпабаздаги гьелдаги гьоркьоб бугеб батIалъиялъул, мисалалъе эркенаб гугари ялъуни бокс тIасабищизеян хиял букIинчIищ дур, ялъуни дуе тIасабищизе ихтиярищ тун букIинчIеб?**

— «БукIинчIо лъицаниги дида гьедин абулеб. Дзюдо дие бачIинахъего рекIее гIуна, гьенир гIемер руго дие рекIее гIолел бакIал. ГьитIинаб мехалъго нилъ гIемер ккола кьерилалгун, азабаралда цадахъ гIумру гьабун ругел лъималгун рагьизе, гьенисаго бижараб интерес букIана дир дзюдоялдехун. Дзюдо дица рикIкIуна спортивиял тайпабазда гъорлъ бищунго берцинаблъун».

**— Микьго сон балелдеги мун спортзалалде щолев вукIун ватилаха?**

*Ахир 2 аб. гьум.*

ГАРА-ЧIВАРИ

# Сиражудин МухIамадов:
# «ТIАДЕ ВАХЪИНЕ ККАНИ ЦИН ГIОДОВ РЕЧIЧIИЗЕ ККОЛА»



*Байбихьи 1 аб. гьум.*

— Щолаан, дир эмен гьелде щвезегIанги самбоялъеги, эркенаб гугариялъеги ругьун гьавулев вукIана, амма дие бищунго дзюдо рекIее гIунаха, битIараб бицани эркенаб гугариги рекIее гIолаан, ракIалда буго лъагIалица эркенаб гугариялде хьвадана, ичIго-анцIго сон баралдаса байбихьана дзюдаялде хьвадизе Школа лъугIун хадув дун ана гIолилазда гьоркьоб тIоритIулел олимпиадаялъул хIаязда гIахьаллъизе, гьел сабаблъун дун университеталде ворчIичIого хутIана, гьениса бергьенлъигун вуссарав дида абуна экзаменал кьезе кватIун бугилан, гьеб букIана 2003 сон. Гьелдаса кIиго сон ун хадув дун ана чIахIиязда гьоркьоб тIобитIулеб дунялалъул чемпионаталда гIахьаллъизе. РакIалда буго доб мехалъ цадахъ рукIана Джафаров МухIамадги, ХIажимухIамадов Муслимги, дун гьезда гьоркьов бищунго гIолохъанав вукIана. 2008 соналъ гьел нахъе ана. Дун жеги вукIана цевевахъунев. Дир тIаде-тIадеги гьира цIикIкIунеб букIана дзюдоялде, батIи-батIиял турниралда цеве вахъине. Споpталда гьорлъги гьечIони 25 сон бан хадубги гIадада Гъизилюрталда чIун гьабизе жо гьечIеблъи бихьулеб букIана дида».

**— Гьабзаманалъ цIакъ захIматаб пишалъун рикIкIуна профессионалияб спорталда жанив хутIизе. Дур кинаб бугеб пикру, мун рази вугищ гьелдаса?**

— Вуго, вукIинарищха. Ирградулаб бергьенлъиялдаса хадуб адреналин цикIкIуна дур чорхъолъ, мун пьедесталалда вахъун чIун вугеб мехалъ. Гьенив вахъун чIун вукIаго дуцаго дудаго абула жакъа цебелъураб масъала дуца тIубазабунин, ирга щванин хадуселдеян. ЦохIо гьеб пикру гьабизе гIологи вахине бегьула пьедесталалде».

**— Дзюдаялъул букIа, ялъуни цоги кинаб букIаниги спортивияб тайпаялъул школа рагьизеян пикруго букIанищ дур?**

— БитIараб бицани дица Гъизилютралда рагьилаан Олимиадаялъул даражаялъул школа гьенирегии ахIилаан ресукъал хъизамалдаса лъимал. Лондоналъул олимпиадаялъул чемпионал Мансур ГIисаевгун ва ТIагьир ХIайбалевасулгун дандбараб пикруцин букIана нижер гьединаб».

**— Дуца абуна дур тIоцересел тренераллъун имгIалзаби рукIанилан, гьел нахъа рукIинчIелани кин кколеб дуда, захIмалъизе букIанищ дуе жакъа дуе щваралщинал бергьенлъаби росизе. Щайгурелъул цо-цо спортсменаз абула жинде мугъчIвай гьабизе гьавги гьавги чи вукIанилан?**

— Дие гьадинги щибниги бигьаго щвечIо бергьенлъиги цогидабги, гьеб цо. КIиабизе бугони, киназдехунго гьабулеб бербалагьи цого букIана дида цадахъ ругьун гьарулел цогидал спортсменазеги. Щивниги ватIа гьавичIо киданиги.

Байбихьуда нижер рукIинчIо киналгIаги шартIал дзюдоялъе ругьунлъизе. ТIоцебе Гъизилюрталда дзюдоялде лъимал ругьун гьаризе байбихьараб мехалда, дир имгIалас бицуна, цо хасал гIадамазул минаялъуб цо рокъор рукIанин жинца лъимал ругьун рагьулелин. Гьел рукIун руго хадуб Россиялъул чемпионлъун вахъарав ХIажимухIамадов Муслимги гьесул вацги. Гьез гIумру гьабулеб букIараб цо рокъор рукIун руго гьел ругьун гьарулел байбихьуда. Гьедин байбихьун буго кинабго. Хадуб гьесие кьун буго гьитIинабго зал, гьенибни щибго букIун гьечIо мокърукь бараб биццатаб квар гурони. Гьелдеялде дзюдоялде хьвадулел лъималазул къадар I0-ялде бахун буго. Хадуб гьезие кьун буго «Локомативалда» цоги зал. Гьанже абуни дзюдоялъул залалда руго киналго шартIал, гьечIо лъимал.

Дида кколеб буго чи вакъун гьечIони гьев кIвахIаллъулин. Вакъун вугони гурони гьесие вагъаризе бокьулеб гьечIо.

Гьанже залалъуве вачIараб мехалда дида рихьула гьенир гIисинал гурелги I8-20 сон баралги лъимал. Бихьула гьезие щибго къваригIун гьечIолъи. Анкьицацин рокъов вукIине дие щвараб мехалда дица байбихьула залалда дидаго лъалеб гьезда малъизе. Ункъабилеб къоялде гьезул бащдалдаса цIикIкIун чагIи рачIунаро залалде. Хадуб, дун нахъе араб мехалда рачIунел руго.

ГьитIинаб мехалда дица абиларо цо дзюдо гурони дир ботIролъ букIинчIин. Школалдаса вачIараб мехалда унаанха дун залалъуве. Амма гьеб мехалдаго дида бичIчIулеб букIана гьеб шагьаралдаса гIадамалъе вахъине дие бугеб цого-цо нух гьеб спорт букIин. Гъизилюрталдаса цоги шагьаразде ине байбихьараб мехалда дуналалдехун дир бербалагьицин хисизе байбихьана. Дие гьебги бокьана. Байрам букIана, гIодобкъо букIа-гьезухъ балагьичIого дун залалъув вукIунаан. Дие бокьун букIана гьениса ворчIизе. Жакъа залалъуре рачIунел лъималгун хабар-кIал гьабула дица. Дица гьезул цо-цоязда гьикъула, мисалалъе 25 сон бараб мехалда щибин дуца гьабизе бугебин? Щибго бокьун гьечIо гьезие. Гьанже мода бугелъул «къватIал рорцине»...

**— Щибаб цевевахъиналде хIадурлъулаго дуца такрар гьалулел кинал рукIаниги рагIаби ругищ дур, кумек хIалае ахIизе хIалтIизабулеб?**

— Дида ккола щивав спортсменаз живго тIамулин сундухъниги балагьичIого цебелъураб масъала тIубазеян».

**— БакIккун букIаго гьикъилин, гIемер батIи-батIиял хабарал рукIана мун Олипиадаялде вачинчIолъиялда сверухъги. Цого миллаталъул гIадамал гIемерлъун ругин гьенирилан, гьелъ вачун гьечIин абулеб букIана.**

— Рицунел хабарал миллион батIиял рукIана. Амма дун къуркьичIоха. Чанги чи барщун нахъе инаанха гьеб квеш букIун. Дида гIемерал лъалел хъвалезги абуна гьедин. Дир эменги вукIана гьединаб хасияталъул чи. Дицаго дидаго абуна жеги цебе бугин дур Олимпиадаян. Дир киналго медалал руго, гIицIго Олимпиадаялъул медаль гьечIо, цохIо гьеб хутIана щвезе. Дица гьединго абула чиясе щибниги бокьун бугони, гьев мурадалде швечIого хутIуларилан. Доб Олимпиадаялде ине дир хIаталдаса ун кIудияб мурад букIинчIеб къагIидаха, дун гьениве ине хъван букIун гьечIелъул.

Гьениве ккечIолъиялъе гIайибияв дунго вуго. Дун дагьав хIалтIун ватила дидаго тIад. Дида гьеб бичIчIана гьеб Олимпиада лъугIун хадуб. Дур гIумруялда жаниб дуе рекIее гIечIеб щиб ккун батаниги гьелъие гIайбиявлъун мунго вуго. Диего цIакъго бокьичIони Олимпиадаялде хIалица лъицаниги вачунаро, гIадада дие лъицаниги гIарацги кьезе гьечIо, дун лъикI ругьун гьавичIони пьедесталалда тIадги эхетизе гьечIо, кинабго бараб буго дудаго, къезеги ккола, тIаде вахъине кканиги мун гIодов ккезе ккола, гьелъулъ кIудияб магIна буго».

**— Гьел рагIабазул гьорлъе ваккун кида дуца хIисаб гьабураб?**

— Гьеб букIана 20I0 соналъ «Гран При» турниралда. Дун къуна дидасаго гIемер гьитIинав спортсменасухъа. ГIодов речIчIидал дидаго квешго ракIхвана дир. Гьабгощинаб мехалъ ругьунги гьавун хадуб гьадин къезе кканиян вукIана дунго дидаго. Гьелдаса хадуб дун тIадчIун ругьун гьавизе байбихьана ва Европаялъул чемпионаталда киназдасаго бергьана дун. Доб цебесеб турниралда гIодов ккечIевани дун тIадевахъинароан гури?»

ДАНДЕЛЪИ

# РАЙОНАЛДА СУББОТНИК ТIОБИТIАНА

**12 апрелалда райадминистрациялъул ва районалъул цоги киналго идарабазул хIалтIухъаби рахъана субботникалде.**

Гьединаб тадбир гIадатлъун лъугьун буго араб соналдаса нахъе тIолабго республикаялдаго. Гьединлъадал, нилъер районги гьеб иш гIадатлъун билълъанабулезда гьоркьоб цебесеб кьерда буго.

Субботникалъ рахъарал идарабазул хIалтIухъабаз ракIбацIцIадаб, лъикIаб хIалтIи гьабуна, ЛъаратIа СОШалъ, культураялъул хIалтIухъабаз, ДЮСШаялъ, редакциялъ, телевидениялъ, ЦСОНалъ, администрациялъ, пенсионный фондалъ ва гь. ц.

ДЮСШаялъул хIалтIухъабаз жидерго азбаралда чIана батIи-батIиял гъутIби ва гьезие хъулухъ гьабуна, гьединго лъикIаб хIалтIи гьабуна культураялъул хIалтIухъабаз, директор ГIабдулагьил цевехъанлъиялда. Дир пикруялда хIажатаб буго санэпидстанциялъул хIалтIухъабаз магазинал ругел гIадамазулгун гIадлу гьабизе. Кьищни унеб буго бащдаб бухIун бухIичIого гIурулъе, магазиназда нахъисеб рахъ цIакъ чорокаб хIалалда буго. РакIалда буго гьел церехун рехсарал хIалтIухъабаца гIадлу-низам гьабилилан. Гьединал субботникал моцIида жанир кIиго нухалъгIаги гьаруни лъикI букIинаан.

**ЧАКЪАЛОВ**

САПАРАЛДАСА ХЪВАЙ-ХЪВАГIАЯЛ

# ВОЛЕЙБОЛАЛЪУЛ МАСЪАЛАБИ РОРХАНА

**20I4 соналъул 29 абилеб марталда Болъихъ «Эверест» ресторspaналда жаниб букIана Дагъистаналъул волейболалъул федерациялъул данделъи. Данделъун рукIана Дагъистаналда волейбол цебетIезе гьабиялъул суалалги цере лъун.**

Гьеб данделъиялда гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул волейболалъул федерациялъул президент ГIабдулатIипов Ражабица, Дагъистаналъул лъайкьеялъул министр Шагьов ШахгIабасица, спорталъул министерасул заместитель Зайнал Салавудиновас, Лъайкьеялъул министерствоялъул физвоспитаниялъул жаваб кьолел хIакимзабаз, киналго муниципалиял гIуцIиялъул заместителаз, шибаб районалъул спорткомитеталъул председателаз, спортшколазул нухмалъулез, гьединго батIи-батIиял спорталъул тренеразги.

Аслияб суал букIана гьеб данделъиялда республикаялда воллейбол цебетIезабиялъе хIалтIи гьаби, гьаб заманалда рекъон волейбол хIазе ругьун гьариялъул суал. Гьел суалаздасан кIалъай гьабуна Дагъистаналъул федерация волейболалъул президент Раджаб ГIабдулатIиповас. Хадув кIалъазе вахъана лъайкьеялъул министр ШагьгIабас Шагьов. Гьес бицана кигIанаб гIарац хIукуматалъ биччалеб бугеб спортшколазе, гIемерисел спортшколазда хIалтIи хашго гIуцIун букIин ва хIасилал гьечIолъиялъул. Бицана школазда хIалтIулел физруказул хIакъалъулъ, гьединго гьес тIад къана заместителазда киналго физруказул аттестация гьабизеги, инвалидал – пенсионерал тренерлъун хIалтIизе бегьунгутIиялъулги, гьединал ратани хIалтIудаса батIа гьареян.

КIалъазе рахъана батIи-батIиял Дагъистаналъул районаздаса рачIарал тренерал, ДЮСШаялъул тренерал ва спорткомитеталъул нухмалъулелги. Гьез бицана жодор ругел хIасилазул ва хIажатабщиналъулги. Воллейболалъул федерациялъ лъазабуна формабиги ва торгIоялги гIураб къадаралда ДЮСШаязда чIезаризе ругин.

Данделъи гIезегIан хайираб букIана, щвана учебниял тIахьал, щибаб вид спорталъул нормативал, гьединго ГТОялъул нормативалги. Аслияб жо, гьоркьор лъуна кIвар бугел суалал ва хIажаталщинал шартIал чIезаризе рагIи кьуна спорталъул ва лъайкьелъул министразул вакилзабаз.

**ЧАКЪАЛОВ**

РУХIИЯБ РАХЪ

# ЦIумилухъ цIияб мажгит рагьана

**5 абилеб апрелалъ, шамат къоялъ нижеца сапар бухьана, ЦIумилухъ росулъ рагьараб цIияб мажгит кIодо гьабураб данделъиялде щвезе. Дун цевеккун щун вукIинчIо ЦIумилухъ росулъе. Росулъе жаниве лъугьарабго бичIчIана гьениб гIадлуги, динги, гIаданлъиги, бугел чагIаз гIумру гьабулеб букIин.**

ЦIумилухъ росу буго нилъер районалда кIудиял росабазул цояб. Гьелъ батизеги бегьулаха гьениб гIадлу-низам кколеб къагIидаялъ цIунараб. КIудияб росдал даражаги кIудияб букIунелъул. Машинаялдаса гъоркье рещтIарабго квер ккун рачун кваназеги гьарун, кинабго жоги бихьизе гьабун, мажгиталде жанире регIана ниж ботIрода гIурччинал такъияби лъурал гьайбатал росдал гIолохъабаз. Гьезул гIемерисел руго устарасул муридзабиги.

Бан буго росу бакьулъ кIудияб мажгит, **Бакълъухъа ГIабдугъафурил МухIамадил** (жиндир баркат-шапагIат щваяв) цIарги лъун цIакъ берцинаб къагIидаялъ. Щибаб как жаниб базе гъира кколеб хIал буго. ЦIакъго гIемераб захIмат цIан букIин бихьулеб буго.

Росдал гIолохъабаз хIаракат бахъун хIалтIи гьабичIебани рагIалде бахъилароан гьебан бицана дида цо ригь арав херас. Мажлисалде рачIана нилъер районалда жаниса гурел, **Бакълъухъа, ГIасаса, Кьелеса** батIи-батIиял гIалимзаби, **МахIачхъалаялдаса** гIалимзаби, мутагIилзаби ва гьел гурел цогидал динияб идараялъул хIалтIухъаби. Цере рахъун кIалъазе кIудияб хIалбихьиги бугел, гьунарги бугел гIалимзабаз гьарулел вагIзаязухъ гIенеккарал гIадамазе кIудияб асар гьабулеб букIана.

Гьелъ батизе бегьулаха ункъощуго сагIаталъ халат бахъараб мажлис, цо лахIзаталда лъугIараб гIадин ккана. Хасго цIикIун рекIее асар гьабуна цебе гIарабалъ цIалун хадуб перевод гьарун бицарал Аварагасул (с.т.гI.в) хIадисаз, гьединго мутагIилзабаз ахIарал назмуяз. Киналго гIалимзабазе ва кIалъазе бокьарал гIадамазе рагIи щвечIо, заман гIоларого гьелъие. Дин-ислам гIатIидаб жо бугелъулха цо къоялъ бицун лъугIунаро гьелъул.

**ХIасил-калам**, кинабго росдал жамагIатги, тIаде рачIарал гIалимзабиги, цоги росабалъа рачIарал гIадамалги кутакалда рази хутIана мажлисалдаса ва лъикIаб къимат кьуна киналго тIаде рачIараз.

Районалъул рахъалъ баркала буго ЦIумилухъ росдал жамагIаталъе гьедигIан берцинаб данделъи гIуцIараб. Аллагьас ﷻ гIемер данделъизе хъван батайги нилъ гьадинал мажлисазда.

**Расул АБАКАРОВ**



# Права и обязанности застрахованных лиц в системе ОМС

1. ЗАСТРАХОВАННЫЕ ЛИЦА ИМЕЮТ ПРАВО НА:

1) бесплатное оказание им медицинской помощи медицинскими организациями при наступлении страхового случая:

а) на всей территории Российской Федерации в объеме, установленном базовой программой обязательного медицинского страхования;
б) на территории субъекта Российской Федерации, в котором выдан полис обязательного медицинского страхования, в объеме, установленном территориальной программой обязательного медицинского страхования;

2) выбор страховой медицинской организации путем подачи заявления в порядке, установленном правилами обязательного медицинского страхования;

3) замену страховой медицинской организации, в которой ранее был застрахован гражданин, один раз в течение календарного года не позднее 1 ноября либо чаще в случае изменения места жительства или прекращения действия договора о финансовом обеспечении обязательного медицинского страхования в порядке, установленном правилами обязательного медицинского страхования, путем подачи заявления во вновь выбранную страховую медицинскую организацию;

4) выбор медицинской организации из медицинских организаций, участвующих в реализации территориальной программы обязательного медицинского страхования в соответствии с законодательством Российской Федерации;

5) выбор врача путем подачи заявления лично или через своего представителя на имя руководителя медицинской организации в соответствии с законодательством Российской Федерации;

6) получение от территориального фонда, страховой медицинской организации и медицинских организаций достоверной информации о видах, качестве и об условиях предоставления медицинской помощи;

7) защиту персональных данных, необходимых для ведения персонифицированного учета в сфере обязательного медицинского страхования;

8) возмещение страховой медицинской организацией ущерба, причиненного в связи с неисполнением или ненадлежащим исполнением ею обязанностей по организации предоставления медицинской помощи, в соответствии с законодательством Российской Федерации;

9) возмещение медицинской организацией ущерба, причиненного в связи с неисполнением или ненадлежащим исполнением ею обязанностей по

*Продолжение на стр. 4*

УНГЕ , ЛЕ, ЦIОРАЛДЕ !

# ЦIОРАЛДЕ АРАЛ БОЯЛ

Рии щвараб, эбел, щиб лъалеб дида,
Доб ЦIоралде боял къокъи гурого?
Их бичараб, эбел, лъид бицун лъалеб,
Гъоркь рекIулел чуял кьолой гурого?
Унел руго, эбел, боял ЦIоралде,
Инадайла, эбел, дирги вокьулев?
ЧIвалел руго, эбел, чуязда кьалал,
ЧIвалебдайла, эбел, дирги гьудулас?
Билал гордо къирун,
къватIий яккидал,
Чу кьололеб буго кьурараб месед.
Исхьалидул чухъа дидеги хьвагIун,
Кьили чIвалеб буго рекIел хазина.
Берзул ишар гьабун,
гьесда бичIчIичIо,
Кверзул ишар гьабун, гордух вачана.
– Алазан рагIалда гIарац батаяв,
ГIарцул дир каранда квер лъун инари?
Коралъул ракьанда месед батаяв,
Меседил гарбида къвал бан инари?
– Алазан рагIалда гIарац батани,
ГIарац дое босла, курхьаби къотIде.
Коралъул ракьанда месед батани,
Месед бичун босла багIараб дарай.
– БацIилал дур берал, цIодорав гьудул,
ЦIодоргони вукIа жаниб ЦIоралда.
ЦIиркъилал дур хIатIал,
хIинтI хехав гьалмагъ,
ХIадургони вукIа гIолохабазулъ.
– Гьаб сапаралдаса нахе щугеги,
Нахе вуссун хадуб мун ячинчIони.
Хазахазул гуллид борлъаги керен,
Рокъове щун хадуб магьар лъечIони.
Исхалидул чуха дидеги хьвагIун,
Къаламалъул килщаз михалги кьурун,
Анин, эбел, гьудул ЦIоралде герун.
Боял ЦIоралде ун щуабилеб моцI,
Лъадал цIезин абун къватIий яхарай:
Цере-цере руго гIолил мусудул,
Хаду-хадур руго къорол руччаби.
КIи-кIиял рекьомо шуршури буго,
Щу-щуял рекьомо гаргари буго.
– Россаб лъикIал щваял
лъикIал мусудул,
Нужелъа шурулеб дидаги шуре.
Хведал алжан кьеял къорол руччаби,
Нужелъа гарулеб дидаги гаре.
– Нижелъа шурулеб дуда шурани,
ЧIаго эна, яс, мун чIегIер ракьулъе.
Нижелъа гарулеб дуда гарани,
Дур багIараб дарай чIегIер белъила.
– Валлагьи, батила, хабар батила,
Дир хурайсан тIоргъол магIо батила.
Вабиллагь, батила, гаргар батила.
ГIари гераразул гаргар батила.
Иццубе босараб гIарцидул гIуретI
ГIодой йикIун цIуна
швер-шверун[1] магIил.
МахIазда елълъенде хIалги дир гьечIо,
ХIалид яхун щварай эмсул рокъоe.
Дараял лъутIулей эбел ятана,
Кисаял къотIулел яцал ратана.
– ЛъутIуге, дир эбел, багIараб дарай.
Хабар бачIун буго дир гьудуласул.
КъотIуге, ле яцал, тIеренаб кисай,
Ругьел бегьун буго дир гьалмагъасул.
– Вай, бицуге, дир яс, гьединаб рагIи,
Я гьал гIадамазе нилъ рокьуларо.
– Я гьал гIадамазул хабарги гуро,
Гьаб халкъалда жаниб
бицен лъун буго.
Гьеб цо-кIиго рагIи кIалалъги бицуи,
КIутIун тIаде яхун, тIохде яхана:
РачIунел рихьула ЦIороса боял,
Цо гIуралаб мали цебеги къотIун.
Гьунса дун йилълъарай
къватIккун эхеде.
ТIуцив ватарасда гьикъари бана,
Хадур ратаразул кверал росана.
– Гуллайила щвараб дир гьудуласда,
Хулчени кьабараб дир гьавалида?
Нужей гIумру кьеял ЦIороса боял,
Дагьаб свак биччизе гIодоб лъеларищ?
ГIумру кьун роххаял кьарилал васал,
Цодагьаб сагIаталъ сабур буларищ?
Мали гIодоб лъуна, гьомер бихьана,
Буртина тIад бикIун[2],
гьорлъе яккидар,
Жан-жанир тирула энчIгодол[3] берал.
– Дилъа абун букIиIи,
ракIалъул гьудул:
«БацIилал дур берал, цIодорав гьудул,
ЦIодорго чIай абчIи жаниб ЦIоралда?
ЦIиркъилал дур хIатIал,
хIинтI хехав гьалмагъ,
ХIадурго чIай абчIи гIолохабазулъ?»
– БацIилал дир берал
цIодорлъани щиб,
ЦIоб гьечIеб жо буго тIухьидул гулла.
ЦIиркъилал дир хIатIал
хIадурлъани щиб,
ТIад гIунтIун батараб бичасул къадар.
– Хвалчал ругъунищ, вас, дуда судулеб,
Гуллил ругъунищ, вас, дуда бухIулеб?
– Хвалчал ругъунали судулеб гьечIин,
Судулин каранда гьабураб гьечIи.
Гуллил ругъунали бухIулеб гьечIин,
БухIулин каранда бицараб рагIи.
Дир цо гьари буго дуда гьабуде:
ЛъагIел тIобазегIан росасе унге.
Цоги гьари буго дуда гьарулеб:
Дун вакьан гуресда къвалги жемуге.
– ЛъагIел тIобазегIан росасе ани,
ЧIвайги дида къану,
къайги дий лахIту.
Мун вакьан гуреса къвал жеманани,
Чабхил ракьулъ къайги
маргьалалъул черх.

1. *Швер-швеврун (диал.)* – чвал-чвалиялда.
2. *ТIад бикIун (диал.)* – тIадеборхун.
3. *ЭнчIгед (диал.)* – хьиргьудул (гедалъул) тIинчI.

СПОРТ

## ЛъаратIа ДЮСШялъ МахIачхъалаялда бергьенлъи босана

**ЛъаратIа ДЮСШаялъул командаялъ гIахьаллъи гьабуна МахIачхъала шагьаралда март моцIалъул ахиралда тIобитIараб дзюдоялъул чемпионаталда. Жибго дзюдо нилъер районалъул гIолилазда гьоркьоб машгьураб спорт букIиналъги батила, хIалуцарал къецазул хIасилалда чемпионаллъун рахъана нилъер ЛъаратIа ДЮСШаялъул гIолилал, гьез бихьизабуна махшел бугеб гугари.**



МахIачхъала шагьаралъул чемпионаллъун рахъана: 30 кг. цIайиялда – **ХIасанов ГIабдулбасир**, 42 кг. – **ГIумаров ХIажимурад**, 60 кг. **– СалихIов ХI.** КIиабилеб бакI ккуна: 30 кг. – **Дибиров Ш.,** 46 кг. – **ГьитIинов М.,** 50 кг. – **Юсупов Шамил.** РакIчIун абизе бегьула, нилъер районалъул гIолилазе гьел лъикIал хIасилал ругилан.

Гьел бергьенлъабазулъ жалго спорсменазул гьунарги гьитIин гьабичIого абизе ккола, лъикIал хIасилазе гIемерисеб хIалтIи гьабуна тренер **МухIамадов Арсеница**. Гьес гIолизул махщел цIикIкIинабиялда, гьезулъ спорт лъадариялда лъикIаб кIвар кьей, тIадчIей гьабулеб буго. Гьев киназдаго лъала лъикIав, ракI бацIцIадго, жиндирго гугарухъабигун цадахъ цебе лъураб хIалтIи тIубалев, проффесионалияв педагог хIисабалда.

Биччанте гьал бергьенлъабазул гьоркьоб къотIи букIунгутIизе, нилъер тренерал, спорталъухъ рокьи бугел гIолилалгун цадахъ хадубккунги бергьенлъабиги росун тIад руссине. ХIасилал лъикIал гьарурал тренеразе харж цIикIкIун чIезабулеб буго ДЮСШялъул директор **Ражабов Ибрагьимица**, гьеб битIараб галилъунги рикIкIуна дица. Гурони, тIокIаб сундухъха балагьилел, аслиял жал руго хIасилал.

**ЧАКЪАЛОВ**

## Кутласа Дагъистаналъул чемпион!

**Дагъаб цебе гIан март моцIалъул ахиралда тIобитIана гIолилазда гьоркьосеб Дагъистаналъул боксалъул чемпионат. Гьеб чемпионаталда гIахьаллъи гьабуна ЛъаратIа ДЮСШялъул спортсмен, 35кг цIаялда цеве вахъунев ГIумарасхIаб ХIусеновас.**



ХIалуцарал рукIана гьел къецал, анлъго нухалъ дандчIвай гьабуна гьес. Киназдасаго ракIчIараб бергьенлъиги босун, гьев вахъана Дагистаналъул чемпионлъун. ГIумарасхIаб ккола Кутлаб росулъа. Гьев ругьунлъулев вуго тренер Хайбулаев Якъупида цеве. ЛъаратIа ДЮСШялъул тренер ХIайбулаев Якъупил цоги церехунги бергьана ученикал!

РакI-ракIалъ баркула кутелдерил жамагIаталда ва ГIумарасхIабил гIагарлъиялда гьесул бергьенлъаби.

Гьебго чемпионаталда 37кг цIайиялда Надар росулъа МухIамадов Расулица босана 3аб бак. Биччанте гьел гIолилаз жеги-жеги чIахIичIахIиял бергьенлъаби росизе, гьалдалъун лъугIунгутIизе гьезул бергьенлъиялъул нух

**ЧАКЪАЛОВ**



Къамилухъ росу

# Права и обязанности застрахованных лиц в системе ОМС

*Продолжение. Начало на стр. 3*

организации и оказанию медицинской помощи, в соответствии с законодательством Российской Федерации;

10) защиту прав и законных интересов в сфере обязательного медицинского страхования.

**2. ЗАСТРАХОВАННЫЕ ЛИЦА ОБЯЗАНЫ:**

1) предъявить полис обязательного медицинского страхования при обращении за медицинской помощью, за исключением случаев оказания экстренной медицинской помощи;

2) подать в страховую медицинскую организацию лично или через своего представителя заявление о выборе страховой медицинской организации в соответствии с правилами обязательного медицинского страхования;

3) уведомить страховую медицинскую организацию об изменении фамилии, имени, отчества, места жительства в течение одного месяца со дня, когда эти изменения произошли;

4) осуществить выбор страховой медицинской организации по новому месту жительства в течение одного месяца в случае изменения места жительства и отсутствия страховой медицинской организации, в которой ранее был застрахован гражданин.

3. Обязательное медицинское страхование детей со дня рождения до дня государственной регистрации рождения осуществляется страховой медицинской организацией, в которой застрахованы их матери или другие законные представители. После дня государственной регистрации рождения ребенка и до достижения им совершеннолетия либо после приобретения им дееспособности в полном объеме и до достижения им совершеннолетия обязательное медицинское страхование осуществляется страховой медицинской организацией, выбранной одним из его родителей или другим законным представителем.

4. Выбор или замена страховой медицинской организации осуществляется застрахованным лицом, достигшим совершеннолетия либо приобретшим дееспособность в полном объеме до достижения совершеннолетия (для ребенка до достижения им совершеннолетия либо после приобретения им дееспособности в полном объеме до достижения совершеннолетия - его родителями или другими законными представителями), путем обращения в страховую медицинскую организацию из числа включенных в реестр страховых медицинских организаций, который размещается в обязательном порядке территориальным фондом на его официальном сайте в сети Интернет и может дополнительно опубликовываться иными способами.

5. Для выбора или замены страховой медицинской организации застрахованное лицо лично или через своего представителя обращается в выбранную им страховую медицинскую организацию с заявлением о выборе (замене) этой страховой медицинской организации. На основании указанного заявления застрахованному лицу или его представителю страховой медицинской организацией выдается полис обязательного медицинского страхования в порядке, установленном правилами обязательного медицинского страхования. Если застрахованным лицом не было подано заявление о выборе (замене) страховой медицинской организации, такое лицо считается застрахованным той страховой медицинской организацией, которой он был застрахован ранее, за исключением случаев, предусмотренных пунктом 4 части 2 настоящей статьи.

6. Сведения о гражданах, не обратившихся в страховую медицинскую организацию за выдачей им полисов обязательного медицинского страхования, ежемесячно до 10-го числа направляются территориальным фондом в страховые медицинские организации, осуществляющие деятельность в сфере обязательного медицинского страхования в субъекте Российской Федерации, пропорционально числу застрахованных лиц в каждой из них для заключения договоров о финансовом обеспечении обязательного медицинского страхования. Соотношение работающих граждан и неработающих граждан, не обратившихся в страховую медицинскую организацию, которое отражается в сведениях, направляемых в страховые медицинские организации, должно быть равным.

7. Страховые медицинские организации, указанные в части 6 настоящей статьи:

1) в течение трех рабочих дней с момента получения сведений из территориального фонда информируют застрахованное лицо в письменной форме о факте страхования и необходимости получения полиса обязательного медицинского страхования;

2) обеспечивают выдачу застрахованному лицу полиса обязательного медицинского страхования в порядке, установленном статьей 46 настоящего Федерального закона;

3) предоставляют застрахованному лицу информацию о его правах и обязанностях.

**Директор Тляратинского филиала ТФОМС РД**
**ДАЛГАТОВА Б.Д**

**Редактор** М.БисавгIалиев
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 800 экз. Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу:
г. Махачкала, Пушкина, 6
Заказ № _______
Подписано в печать 15.04.2014